



The talking cloth

Si Sèlman Rad te ka Pale

Matant Amber rele Phoebe. Papa m se ti frè l. Manman m di matant Phoebe se yon **kolektè** paske li renmen fè **koleksyon** anpil bèl objè. Mwen renmen vizite matant Phoebe, li rakonte bèl istwa e li gen yon bon kafe ak lèt pou l ba w bwè. Ou pa kapab janm **annuiye** lakay li. Lespri Amber devlope anpil paske li aprann sa matant li konnen.

Jodi a, matant Phoebe montre Amber yon twal blan ki long. “Ki sa ou fè ak twal long sa a?” Mwen mande li. “Ou abiye ak li e li fè w konnen ki jann w santi w ” matant Phoebe di. “Twal sa a Pale.” “Kijan fè sa?” Matan Phoebe esplike Amber sa koulè nan twal la ak **senbòl** yo vle di. Se yon “*adinkra*” “ki soti nan peyi “Gana” Blan vle di lajwa, jòn vle di lò oubyen richès, vèt vle di **devlopman**, ble vle di lanmou men wouj, ou mete l sèlman lè w gen **tristès** tankou nan **antèman** e pandan lagè.

Matant Phoebe te esplike sa kèk **senbòl** sou rad yo vle di. Tankou: “Pa pè anyen, sèlman Bondye.” Yo rele sa “*Gye Nyame*”. Yon lòt rele “*Obi nka Obie*” vle di “Mwen pa **ofanse** pèsonn san kòz.” Chak **senbòl** vle di yon bagay diferan. Yo pale sou gwo lide tankou **lafwa**, **pouvwa**, osinon **lanmou**. Matant Phoebe di li ta vlope papa m nan yon twal gri ki genyen bar ak karo ladan pou moun ki twò serye.

Se moun “*Ashanti*,” fanmi wa kite ka abiye ak twal sa a. Matant Phoebe pase twal la nan figi mwen. Amber reflechi sou koulè li ta renmen sou rad pa li. Li reflechi tou sou ki **senbòl** li ta mete sou twal ti frè l ak papa li.

Kounye a matant Phoebe vlope twal la sou Amber. Li pase l twa fwa nen tay li, kwaze li sou zepòl li . Twal la kontinye ap trennen atè a. “Yon twal ki long konsa se yon siy **pwosperite!**” Amber wè tèt li kòm yon **prezès**. Tout fanmi l ak tout moun nan kay la ki gen twal “*adinkra*” kanpe toutotou l. Papa l di l “Amber ou bezwen bwè plizyè tas kafe ak lèt pou ka grandi anpil. Matant Phoebe di :“Timoun sa grandi ak konesans anpil Jodi a.” Epi Amber fè yon ti souri.

Aktivite

Mwen Konprann tèks la

1. Kisa sa vle di “twal la pale”?
2. Poukisa Amber te wè tèt li kòm yon “Ashanti” prensès?
3. Poukisa Matant Phoebe sugjere li ta abiye papa Amber ak yon twal ki genyen bar ak karo ladann?
4. Poukisa Matant Phoebe di :”Timoun sa grandi anpil Jodi a”?
5. Poukisa Amber santi l tankou yon “Ashanti” prensès ?
6. Poukisa matant Phoebe di twal la pale? Itilize detay nan istwa a pou bay repons.

Twal Adinkra

Koulè twal la	Sa li vle di

M ap reflechi sou tèks la

1. Poukisa matant Phoebe renmen fè koleksyon?
2. Poukisa Amber renmen ale vizite matant li? Eske ou ta renmen vizite lakay matant Phoebe? Eksplike repons ou bay la.
3. Eksplike kijan matant Phoebe vlope “adinkra” toutotou Amber? Itilize detay nan istwa pou sipòte repons ou.
4. Kijan Papa Amber ak matant Phoebe diferan youn ak lòt? Itilize detay ak ekzanp nan istwa pou sipòte repons ou.
5. Si ou te genyen yon twal “adinkra,” kisa ou ta renmen sanble? Kisa ou ta renmen rad la di de ou menn?
6. Ki koulè prefere ou? Kisa li vle di pou ou?
7. Matant Amber renmen fè koleksyon. E ou men ? Kisa ou renmen kolekte?
8. Konpare istwa **Kouvrel** a ak istwa **Si sèlman rad te ka pale**.

Di elèv yo lè ou pale sou yon sèl moun, oswa sou yon sèl bèt, oswa sou yon sèl bagay, non an **sengilye**. Ou itilize **yon; an; a ; la**

Lè nou pale sou plizyè moun, oswa sou plizyè bèt, oswa sou plizyè bagay, non an **pliryèl**. Ou itilize: **yo**

Aprè chak mo di poukisa li senglilye oubyen li pliryèl

Twal yo; istwa a; koulè yo; yon timoun; moun yo, kafe a; kay la;

Ann ekri

Kilès ki te pèsònaj prefere w nan istwa a? Dekri pèsònaj sa a?